

Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun piti ap travay pou amelyore sistèm teknolojik pou edikatè yo. N ap tranzisyon nan yon nouvo vèsyon Sistèm Jesyon Aprantisaj ki rele Strong Start (LMS) epi nou bezwen edikatè yo revize enfòmasyon yo pou asire yo egzakt anvan yo chanje/itilize nouvo sistèm nan. Gen yon nouvo aplikasyon pou moun ki enterese nan [applying for certification](#) (← aplike pou sètifika a)

Sistèm Jesyon Aprantisaj Strong Start (LMS)

EEC pral gen pou li byento tranzisyon nan nouvo vèsyon [StrongStart Learning Management System \(LMS\)](#). (← Sistèm Jesyon Aprantisaj StrongStart la). Nouvo sistèm StrongStart LMS la ap kontinye itilize kòm yon zouti debaz pou tout kou ki gratis, ou ka aprann ak pwòp disponiblite/ritm ou, ak kou ki fèt pa yon enstriktè pwofesyonèl nan edikasyon ak swen/gadri pou timoun piti yo

Pou asire ke **istwa kou chak edikatè transfere kòrèkteman** nan nouvo sistèm nan, n ap mande tout edikatè yo pou **konekte sou StrongStart epi revize enfòmasyon pwofil yo**. N ap mande edikatè yo pou yo konfime si enfòmasyon yo kòrèk epi pou yo revize yo:

- Adrès Elektwonik (imèl)
- Nimewo Selilè
- Nimewo PQR

W ap jwenn pwofil yo nan **kwen ki anlè tèt gòch** apre ou fin konekte.

Nou ta byen renmen apresye èd ou si w **raple epi sipòte anplwaye ou yo** pou yo konplete etap sa a pi vit ke posib. Nou pral pataje plis detay, leson patikilye, ak avi anvan tranzisyon an.

Si ou menm, oswa anplwaye w yo ta gen yon kesyon oswa pwoblèm pou yo aktyalize pwofil yo, tanpri kontakte ekip StrongStart la nan StrongStartPDS@mass.gov.

Sètifika Pwofesyonèl

Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti yo (EEC) ap lanse yon [updated professional certification application](#) (← Mizajou sou Aplikasyon Sètifika Pwofesyonèl la).

Chema/dizay nou yo baze sou fidbak ak tès avèk edikatè timoun piti ki nan Massachusetts ki soti nan diferan orijin. Nan aplikasyon ki aktyalize a, edikatè yo ka aplike pou yon sètifika pi fasil. Sipèvizè yo ka verifye eksperyans travay yo pi vit lè yo itilize yon nouvo pwosesis anliy.

- **Aplikasyon an pi pèsonalize.** Nou sèlman mande kandida yo detay ki gen rapò ak eksperyans yo.
- **Pa gen okenn sipò ankò nan aplikasyon an.** Nou te enkli konsèy ki itil sou kondisyon kalifikasyon yo ak plis enfòmasyon sou dokiman aplikan yo ap bezwen soumèt. Sa ap ede yo soumèt yon aplikasyon ki pi konplè.
- **Verifikasyon Anplwa Anliy.** Kandida yo ap bezwen reponn kesyon sou detay travay yo. Sipèvizè yo ap resevwa yon imèl ak yon lyen pou verifye detay/enfòmasyon kandida a anliy. Nou p ap sipòte ni aksepte fòm Verifikasyon Eksperyans Travay oswa fòm Pratikòm PDF la ankò.